लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति
प्रस्तुतकर्ता



# राजा दाऊद
# (भाग 1)

लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: Lazarus; Alastair Paterson

अनुकूलित: Ruth Klassen

अनुवादक: सुरेश मसीह

उत्पादित: Bible for Children
www.M1914.org

©2021 Bible for Children, Inc.
अनुज्ञापत्र: आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।

जवान दाऊद अब भाग दौड़ में ही रहलन। राजा शाऊल ओ के जान से मारल चाहत रहलन। दाऊद चार सौ ...



... अनुयायियन की साथ एगो जंगल की विशाल गुफा में रहत रहलन। कभी कभी, तअ राजा शाऊल क सैनिक लगभग उन ...



... लोगन के खोज ही लेले रहलन। लेकिन दाऊद हमेशा आपन जगह बदलल करत रहलन।



एक दिन शाऊल क सेवक, दोग, राजा के बतवलन की पुजारी लोग दाऊद के भगावला में मदद कइले रहलें। शाऊल उन लोगन के मार डलला क आदेश दिहलन। लेकिन खाली दोग ही ई करे खातिर तैयार भइलन!



उ अपनी तलवार से पांच याजकन अउर उनकी परिवार की लोगन की साथ – बेरहमी से अस्सी लोगन क हत्या कर दिहलन, उ बहुत ही दुष्ट पुरुष रहलन।





एक दिन, शाऊल, दाऊद के खोजत, दाऊद अउर उनकर लोग जहाँ लुकाइल रहलें, ओ हीं गुफा में पहुंच गइलन। शाऊल अकेले रहलन।


गुफा में, दाऊद आसानी से शाऊल के मार सकत रहलन। लेकिन उ करीब गोइलन अउर
उनकी तेज चाकू से शाऊल क ढील ढाल कपड़ा में से एगो टुकड़ा काट लिहलन।


जब शाऊल चल गोइलन, तब दाऊद उनके पुकार के कहलें, देखअ "हम तोहरी बागे क
कोना के काट देले बानी, अउर, तोहके जान से ना मरनी हँअ; अब जान लअ की हमरी हाथ में बुराई अउर विद्रोह ना बा ... "

शाऊल, दाऊद के चोट पहुँचवला क कोशिश की खातिर माफी चाहत रहलन। लेकिन जल्दी ही उनके उहे पुरान क्रोध वापस आ गइल अउर उ दाऊद के मारे खातिर तीन हजार पुरुषन क एगो सेना के भेजलन।



एक रात, जब सेना सूतल रहे, तब दाऊद अउर अबीशै, उनकी सैनिकन में से एगो, कैम्प की जगह जहाँ राजा शाऊल सूतल रहलन, में आ पहुँचलें।





"परमेश्वर ए
दिन के हमरी हाथ
में हमरी दुश्मन के दे
देले बाड़न," अबीशै
फुसफुसइलन। "हम
भाला से एकही बार में
आर पार पृथ्वी तक क
देतनीः ताकि दूसरी
बार हमके एकरी पर
वार ना करे के पड़ी"


दाऊद इनकार कर दिहलन।
शाऊल क भाला अउर उनकर
सुराही लेके उहां से चल गइलन।
दाऊद ए गो पहाड़ी से चिल्लइलन
जबतक की...


...शाऊल ओ के सुन ना लिहलन।
एक बार फिर शाऊल ई जान
लिहलन की दाऊद ओ के मार
सकत रहलन हँअ लेकिन उ अइसन
ना कइलन हँअ।



एक बार फिर, दाऊद के चोट पहुँचवला क कोशिश की खातिर माफी चाहत रहलन। लेकिन दाऊद जानत रहलन कि, ए खातिर उ शाऊल की शब्दन पर विश्वास ना करीहन।



अब शमूएल मर गइल रहलन। उ नबी रहलन जिनसे परमेश्वर इस्राएल के राजा की रूप में पहिले शाऊल, अउर फिर दाऊद क अभिषेक करे खातिर कहले रहलन। पलिश्ती लोग जब इस्राएल पर हमला कइलन तब, शाऊल कुछ अइसन भयानक काम कईलन जे के परमेश्वर सख्त मना कइले रहलन।



उ एगो महिला के तैयार कइलन कि उ शमूएल के मूवलन में से पुकार के बोलावे।

ओ रात, शाऊल के एगो संदेश मिलल।



"... प्रभु तोहके त्याग देले बाड़न अउर तोहार उ दुश्मन बन गइल बाने ... । प्रभु ए राज्य के तोहरी हांथ से लेके, तोहार पड़ोसी, अर्थात् दाऊद के दे देले बाड़न। काल्ह, तू अउर तोहार बेटा हमरी साथे होइहन।



परमेश्वर इस्राएल की सेना के तितर बितर करीहन अउर पलिश्तियन की हाथ में दे दिहन।" जब शाऊल ई सुनलन उ डर से अस्त पश्त हो गइल।



पलिश्ती लोग इस्राएल की खिलाफ
लड़ाई लड़लें, अउर इस्राएल
क पुरुष लोग
वहाँ से भाग
निकललें।



पलिश्ती लोग योनातान, दाऊद की सबसे बढ़ियाँ दोस्त के, अउर शाऊल की लड़कन के भी मार डललन सअ।



शाऊल गंभीर रूप से तीरंदाजन द्‍वारा घायल हो गइल रहलन। उ अपनी हथियार ढोवे वाला से कहलन, "हमरी तलवार से हमके मार डालअ, कहीं अइसन न होखे कि हम ए दुष्ट पुरुषन की हाँथ में आ जाइँ अउर उ हमसे दुर्ब्यवहार करें अउर गाली देवें अउर मार डालें।"



लेकिन उनकर हथियार ढोवे वाला बहुत डेरा गोइल। तब, शाऊल एगो तलवार लीहलें अउर ओ पर गिर गइलें।





शाऊल अउर उनकर बेटा
क शव खोजला की बाद,
पलिश्ती लोग कब्जा
कइल इस्राएल की
एगो शहर की दीवार
की निकायन की
संगे उनके बान्ह
दिहलन सअ।



कुछ बहादुर इस्राएली लोग शव के बचवलें, अउर ओ के घरे ले गइलें। अउर इस्राएल में अवशेष के दफनवला से पाहिले ओ के जरा दिहलें।





जब दाऊद ए भयानक खबर के सुनलन, उ बहुत विलाप कइलन अउर रौवे लगलन। उ शाऊल की बेटा योनातान, यहोवा के लोग इस्राएली लोगन खातिर के शाम तक उपवास कइलन, काँहे से कि उ तलवार से घात कइल गइल रहलें।

हालांकि शाऊल, दाऊद के मरला की खातिर तत्पर कोशिश कइलन, फिरभी दाऊद अंत तक परमेश्वर की अभिषिक्त शाऊल के सम्मान दिहलन।





अब परमेश्वर दाऊद के सम्मानित कइलें अउर उनके शाऊल की स्थान पर राजा बना दिहलें।

# राजा दाऊद (भाग 1)

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में
से
ई कहानी लीहल गइल बा

1 शमूएल 24-31, 2 शमूएल 1-2

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

# समापन

बाइबल क इ कहानी हमनी के अपनी ओ अद्भूत परमेश्वर की बारे में बतावे ले, जे हमनी के बनवले हउवन अउर उ चाहत बाड़न कि हमनी क उनके जानी जा।

परमेश्वर जानत बाड़न कि हमनी क अइसन गुनाह कइले बनी जा जेकरा के उ पाप कहेलें। पाप क सजा मौत हअ, लेकिन परमेश्वर आपसे एतना परेम कइलन कि उ आपन एकलौता बेटा यीशु के ए दुनिया में भेजनल ताकि उ सूली पर चढ़ के हमनी की पापन क सजा भुगतें। यीशु मूवला की बाद फिर से जिन्दा हो गइलन अउर स्वर्ग में अपनी घरे चल गइलन यदि आप यीशु में विश्वास करअब अउर अपनी उनसे अपनी पापन के क्षमा मांगअब तअ उ आपकी प्रार्थना के सुनिहन उ आके आपकी अन्दर बसिहन अउर आप हमेशा खातिर उनकी संगे बनल रहअब।

यदि आपके विस्वास बा कि इ
सब कुछ सच हअ तब आप परमेश्वर से कहीं:

हे प्रिय यीशु, हमके विश्वास बा कि आप ही परमेश्वर हँई अउर हमरी पापन की कारन आप मानुष रूप में अवतार लिहनी, मर गइलीं अउर दुबारा जी उठलीं अउर अब जीयत बानी। कृपा करके हमरी जिंदगी में आयीं अउर हमरी पाप के क्षमा करीं ताकि हमके नाया जीवन मिल सके, अउर एक दिन हम आपकी संगे हमेशा रहे खातिर आ सकीं। आप मदद करीं कि हम पापकी बेटा की तरह रहीं अउर आज्ञा पालन कर सकीं। आमीन।

परमेश्वर से रोज बात करे खातिर
बाइबल पढ़ीं! यूहन्ना 3:16